

Jen 2009

Roger Platt, MD
Director
Office of School Health
49-51 Chambers Street
Room 600
New York, NY 10007

Chè paran (yo) oswa gadyen legal (yo) :

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ap ekri w pou l ranseye w sou Lwa Sante piblik Leta Nouyòk konsènan egzijans pou vaksinasyon kont saranpyon, ki ka konsène pitit ou a (yo). Pou ane eskolè 2009/10, Lalwa egzije tout elèv k ap antre nan Prematènèl jiska Klas 10yèm ane pran vaksen kont saranpyon.

Li obligatwa pou elèv nan Prematènèl jiska Klas 10yèm ane, pran yon (1) dòz vaksen kont saranpyon si yo te pran l apre premye anivèsè nesans yo. Byenke li nesèsè pou yo pran sèlman yon (1) dòz vaksen, nou rekòmande pou tout elèv pran de (2) dòz vaksen ki gen viris saranpyon an ladan l.

Pou bay yon elèv dispans pou l pa pran vaksen an, li dwe gen youn nan rezon sila yo :

- Yon lèt yon founisè lasante ki gen lisans, ekri pou di pitit ou a te deja gen saranpyon (*varicella*). Nou p ap aksepte kòm prèv pou pa pran vaksen an yon lèt paran ki di pitit li a te gen maladi sa a.
- Yon rezon medikal yon doktè ki gen lisans nan Leta Nouyòk ekri nan yon lèt kòm eskiz. Li dwe endike nan lèt la yon rezon medikal valab ki fè pitit ou a pa kapab pran vaksen kont saranpyon an. Depatman Sante ak Ijyèn mantal vil Nouyòk *New York City Department of Health and Mental Hygiene* (NYCDOHMH) ap gen pou verifye rezon an, e bay akò li. Tanpri sonje si nou aksepte yon eskiz medikal pou yon elèv, e si yon timoun nan lekòl la vin gen saranpyon, n ap ranvwaye elèv la lakay li pou twa semenn jiskaske timoun ki gen saranpyon an pa p ka transmèt li ba lòt moun.
- Yon lèt paran an (yo) oswa gadyen legal la (yo) ekri pou pa bay elèv la vaksen akòz kwayans relijye li vre e sensè ki entèdi yo vaksine pitit yo. NYCDOHMH ap gen pou verifye rezon an, epi bay akò li. Tanpri sonje si nou aksepte yon rezon relijye pou yon elèv, e si yon timoun nan lekòl la vin gen saranpyon, n ap ranvwaye elèv la lakay li pou twa semenn jiskaske timoun ki gen saranpyon an p ap ka transmèt li ba lòt moun.

N ap ranvwaye elèv ki pa bay youn nan rezon sa yo, e ki pa te pran vaksen kont saranpyon an. Nou p ap pèmèt yo tounen lekòl toutotan yo pa pran vaksen sa a, ak tout lòt vaksen nou mande pou yo pran. Si w ta vle poze nenpòt kesyon osijè vaksen sa a, tanpri diskite avèk doktè w oswa kontakte enfimiyè nan lekòl pitit ou a. N ap remèsye w pou koperasyon w nan koze sa a.

Ak senserite,



Roger Platt, MD, Direktè
Biwo Lasante nan lekòl